

Miwa letènite tanp yo: Yon temwayaj konsènan fanmi

Pa Èldè Gerrit W. Gong

Nan Swasandis yo

***Yon pèspektiv etènèl sou konvèsyon nan levanjil la ak alyans tanp kapab ede nou wè bèl benediksyon nan chak jenerasyon fanmi nou genyen pou tout tan an.***

Chè frè ak sè m yo, lè pitit gason nou an te nan Sant Fòmasyon Misyonè nan Provo a, Sè Gong te voye bon pen tou fre l te fè bay li menm ak konpayon misyonè l yo. Men kèk nan nòt remèsiman Sè Gong te resevwa. “Sè Gong, pen sa a te gen gou lakay.” “Sè Gong, tout sa m ka di se waw! Pen sa a se pi bon bagay ki antre nan bouch mwen apre enchilada manman m yo.” Men se sa a m pi renmen: “Sè Gong, pen an te ekstraòdinè-“ Apre sa li ajoute anblag: “Kenbe m nan tèt ou si sa pa mache ant ou menm ak Mesye Gong.”

Nou renmen misyonè nou yo---chak èldè, sè, ak koup misyonè senyò yo. Nou etènèlman rekonesan pou misyonè espesyal sa a ki te pote levanjil retabli Jezikri a bay fanmi nou an. Mwen temwaye avèk rekonesans ke yon pèspektiv etènèl sou konvèsyon nan levanjil la ak alyans tanp kapab ede nou wè bèl benediksyon nan chak jenerasyon fanmi nou genyen pou tout tan an.

Premye konvèti nan fanmi Gong nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se manman m, Jean Gong. Pandan l te yon tinedjè nan Honolulu, Hawaï, li te koute; li te konnen; li te batize ak konfime; li kontinye nan lafwa. Nan langaj jodia, manman sete yon nouvo konvèti, yon jèn adilt sèl, sèl manm Legliz la nan fanmi li. Manm fidèl yo nan Legliz la te konte manman m nan pami yo<sup>1</sup> epi yo te pran swen li pou l te gen bon zanmi nan levanjil la, apèl nan legliz la, epi nourri ak bon pawòl Bondye a. Chak nouvo konvèti, jèn adilt sèl, moun ki retounen nan aktivite legliz la, ak lòt beni dè jenerasyon lè yo vin sitwayen ansanm ak Sen yo nan kay Bondye a.<sup>1</sup>

Youn nan fanmi k te nourri manman m sete fanmi Gerrit de Jong. Yon save nan lang ki te renmen langaj kè ak Lespri a, Granpapa de Jong te konn sòlve imajinasyon tipitit gason m nan lè l te konn di: “Seriz lè yo wouj, yo vèt.” Jodi a, palan de aparèy kominikasyon elektwonik yo, m ap di jèn zanmi m yo, “Seriz wouj nan Legliz la fè evèk vèt vin ble (ki vle di: “aparèy kominikasyon elektwonik yo fè nouvo evèk yo deprime.”

Paran m, Walter ak Jean Gong, te marye twa fwa---yon seremoni Chinwa pou fanmi an, yon seremoni Ameriken pou zanmi yo; ak yon seremoni sakre nan kay Senyè a pou letan ak letènite.

Timoun nou yo nan Primè a chante: “Mwen renmen tanp lan. M pral ladan yon jou .”<sup>2</sup> Jèn nou yo pran angajman pou yo “fè ak kenbe alyans sakre” ak pou yo “resevwa òdonans tanp yo.”<sup>3</sup>

Mwen fèk sot kanpe nan kay Senyè a avèk yon koup diy ki te la pou resevwa benediksyon pa alyans yo. M te envite yo pou yo te fè premye lindemyèl yo a dire 50 an; epi, apre 50 an, pou yo kòmanse dezyèm lindemyèl la.

M te twouve m ap gade nan miwa tanp yo avèk bèl koup sa a---yon miwa sou bò sa a, youn sou lòtbò a. Ansanm, miwa tanp yo reflète ak pwojete imaj ki parèt etann jiska letènite.

Miwa letènite tanp yo raple nou ke chak kretyen vivan gen “yon nati ak yon destine divin” ke “òdonans sakre ki disponib nan tanp sen yo rann posib pou moun retounen endividyèlman nan prezans Bondye ak pou fanmi yo ini etènèlman”<sup>4</sup> epi nan pwogrese ansanm nan lanmou ak fidelite, nou kapab bay pitit nou yo rasin ak zèl.

Nan miwa letènite tanp yo, m te reflechi sou Premye Dragon Gong, ki te fèt 837 ane anvan Kris la (ansyen dinasti Tang nan) nan Sid LaChin epi ki te kontinye jenerasyon fanmi Gong rive nan chè papa mwen, 32 zyèm jenerasyon fanmi nou. Frè m nan, ak sè m nan avèk mwen nou nan 33 zyèm jenerasyon fanmi nou; kat bèl pitit gason m yo ak kouze yo, nan 34 triyèm jenerasyon; pitit pitit gason nou an, nan 35 kyèm jenerasyon fanmi Gong ki anrejistre. Nan miwa letènite tanp yo, m pa t ka wè kòmansman ni fen jenerasyon yo.

Lè sa a m te imajine non sèlman yon siksesyon jenerasyon, men tou, yon siksesyon relasyon familyal. Nan youn nan direksyon yo, m te wè mwen menm antanke pitit gason, pitit pitit gason, bak nan 31 gwo yo rive nan Premye Dragon Gong. Nan miwa nan lòt direksyon yo, m te wè mwen menm antanke papa, granpapa, gran gran papa. Kanpe avèk madanm mwen Susan, m te ka wè li antanke pitit fi, gran gran pitit fi, gran gran gran pitit fie pi nan lòt direksyon an, antanke manman, grann, gran grann, elatriye.

Nan miwa letènite tanp yo, m te kòmans konprann madanm mwen ak mwen menm antanke pitit paran nou ak paran pou pitit nou yo, antanke pitit pitit gran paran nou yo ak granparan pitit pitit nou yo. Gwo leson mòtalite yo vide sou nanm nou pandan n ap aprann ak anseye nan wòl etènèl nou antanke pitit ak paran, paran ak pitit.

Ekriti yo dekri Sovè nou an kòm “Papa a ak Pitit la.”<sup>5</sup> Paske li abite nan kò fizik la, men li fè kò a obeyi volonte Papa a, Sovè nou an konnen kouman pou l pote nou menm, pèp li a, sekou nan doulè nou, afliksyon nou, tantasyon nou, maladi nou, nan menm lanmò.”<sup>6</sup> Paske l “te desann pi ba pase tout bagay”<sup>7</sup> Sovè nou an kapab pote soufrans nou yo. Li te blese poutèt peche nou yo... kraze anba kou poutèt inikite nou yo.... [avèk tout kou Sovè nou an] te resevwa yo, li ba nou gerizon.”<sup>8</sup>

Depi nan konsèy la nan syèl la, Sovè nou an te chèche sèlman pou fè volonte Papa li ak pou bay Papa li tout glwa a. Chema Papa ak Pitit sa a kapab ede eksplike mistè “Moun ki pèdi lavi l poutèt mwen va jwenn ni ankò” a.<sup>12</sup> Mond lan ap chèche enterè pèsonèl endividyèl. Men pouvwa pou sove tèt nou an pa nan nou. Men se nan Li l ye. Enfini ak etènèl,<sup>10</sup> sèlman Ekspyasyon Sovè nou an anglouti lanmò, tan, lespas, kòlè, amètè, enjistis, solitud, ak chagren.

Pafwa bagay yo ale mal menmlè nou fè tout sa nou kapab. Sovè nou an, yon mouton inosan ak pi, kriye avèk nou ak pou nou. Lè nou toujou sonje li,<sup>11</sup> li kapab kanpe avèk nou “tout tan, nan tout bagay, e tout kote [nou] ta kapab ye.”<sup>12</sup> “Fidelite li pi solid pase kòd lanmò.”<sup>13</sup> Nan atire nou sou li, Sovè nou an mennen nou bay Papa nou ki nan Syèl la. Pandan ke kèk bagay enpafè sou tè a, nou kapab fè Papa nou ki nan Syèl la konfyans pou konplete “gran plan redanmsyon an ki reyini jistis, amou, ak mizèrikòd nan amoni divin.”<sup>14</sup>

Yon mirak nan imaj nou disène nan miwa letènite tanp yo sèke yo menm---nou menm---kapab chanje. Lè Jean ak Walter Gong te antre nan nouvèl alyans etènèl la, yo te louvri wout pou zansèt yo (tankou Premye Dragon Gong) te sele ak pou posterite yo te fèt nan alyans lan. Tanpri sonje: lè nou lonje lamèn bay chak sè oswa chak frè, nou beni dè jenerasyon.

Mond lan toumante, 15 men nan “sèl vrè Legliz vivan” li a16, gen lafwa, pa laperèz. Nan pawòl Apot Pòl yo, m ap temwaye solanèlman:

“Paske mwen gen asirans ke ni lanmò, ni lavi...

“Ni lòt otorite ak pouvwa ki nan syèl la, ni bagay ki la jodi a, ni sa ki gen pou vini pita, ni pouvwa ki anwo syèl la, ni pouvwa ki anba tè a, non pa gen anyen nan tout kreyasyon yo ki ka janm fè nou pèdi renmen Bondye fè nou wè nan Jezikri, Senyè nou an.”<sup>17</sup>

Mwen temwaye enbleman ke Bondye vivan. Li “pral siye tout dlo nan [je nou]”<sup>18</sup>--- eksepte dlo lajwa yo lè n ap gade atravè miwa letènite tanp yo epi wè nou lakay nou, pi ak pwòp, jenerasyon familyal nou sele pa otorite Prètriz la nan lanmou, pou nou chante: “Ozana, ozana, ozana.” Nan non Jezikri, Amèn.

Nòt

1. Gade Efezyen 2:19.
2. “I Love to See the Temple,” *Children’s Songbook*, 95.
3. “Young Women Theme,” *Young Women Personal Progress: Standing as a Witness of God* (booklet, 2009), 3.
4. “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” *Liahona*, Okt. 2004, 49.
5. Gade Mozya 15:2.
6. Gade Alma 7:11–12.
7. Doktrin ak Alyans 88:6; gade Doktrin ak Alyans 122:5–8 tou.
8. Ezayi 53:5.
9. Matye 10:39.
10. Gade Alma 34:14.
11. Gade Doktrin ak Alyans: 20:77, 79.
12. Mozya 18:9.
13. Doktrin ak Alyans 121:44.
14. “How Great the Wisdom and the Love,” *Hymns*, no. 195.
15. Gade Doktrin ak Alyans 45:26; 88:91.
16. Doktrin ak Alyans 1:30.
17. Women 8:38–39.

18. Revelasyon 21:4.